

Yon pa Anvan: Enfòmasyon Rapid sou Santim Taks sou Lavant lan pou transpò

Yap ajoute yon santim anplis nan taks sou lavant ke yo deja ap kolekte nan Komin Oranj. Fon sa a kapab jenere prèske \$600 milyon dola chak ane* ki dedye pou pwojè transpò, enfrastrikti, teknoloji, ak transpò piblik ansanm ak plis sekirite pou tout itilizatè transpò. Tout moun pral kontribiyè, enkli touris ak vizitè. Daprè yon etid konsiltan ke Visit Orlando te komisyonè fè sòti, omwen 51% nan fon yap jenere a ap soti nan fre touris ak vizitè ki soti andeyò Komin Oranj.

Yo fèk relanse nan ane 2022 a, Santim Taks sou Lavant pou transpò a gen objektif pou ranmase lajan nesèsè pou diminye konjesyon, ogmante sekirite pou tout itilizatè transpò, ak ofri plis ak pi bon opsyon pou vwayajè yo. Sa ka ankouraje chofè pou vin pasaje, chwazi transpò efikas ki mennen yo soti nan pwen A pou rive nan pwen B, olye pou yo rete bloke nan trafik.

Men kèk reyalite rapid.

Kwasans ak trafik

- Daprè kèk dènye done yo te rasanble anvan pandemi an, popilasyon rejyonal la ka rive nan nivo 5.2 milyon moun nan ane 2030.¹
- Anvan pandemi an, vwayajè nan Florid Santral te pase an mwayèn 61 èdtan chak ane nan anbouteyaj.² Sa fè apeprè inèdtan chak semèn ki ajoute sou pakou regilye a. Pandan bagay yo ap retounen nan nòmal yo epi kwasans pou lavni ap kontinye, nap atann pou pakou jounalye yo vin pi mal.
- Reta nan trafik koute lajan tou pou pasaje yo. Pou yon pakou tipik nan zòn ibèn Orlando a, pri mwayèn nan te \$1,261 nan ane 2019.²
- Santral Florid rete youn nan pi gwo destinasyon touris nan mond lan. Anvan pandemi an, Komin Oranj te gen yon rekò 78 milyon vizitè an 2019. Kounye a, touris yo ap retounen pandan bagay yo ap retounen nan nòmal yo pou pi devan, epi yo prevwa plis konjesyon nan fiti pandan yap vin vizite.

Defi sekirite pou bisiklèt ak pyeton

- Daprè rapò [Danjere nan Konsèp ki soti nan Smart Growth America](#), zòn Orlando-Kissimmee-Sanford klase nan tèt lis kòm zòn ibèn ki pi danjere pou pyeton yo.

Transpò Piblik Aktyèl la pa apwopriye

- SunRail, sistèm tren rejyonal la, ap aktyèlman kouri sèlman lendi pou rive vandredi.
- SunRail pa fè ale retou pou moman nan Ayewopò Entènasyonal Orlando.
- Sèvis SunRail yo fini nan aswè a 11:23 p.m. nan direksyon nò epi 9:43 p.m. nan direksyon sid.
- LYNX, sistèm otobis rejyonal la, gen apeprè 300 otobis epi li desèvi 2,500 mil mètr kare. Konpare ak Komin Allegheny, nan Pittsburgh, Pennsylvania, kote komin nan desèvi sèlman 745 mil mètr kare ak 700 otobis.
- Ogmantasyon finansman pou LYNX ka ogmante kantite wout ak frekans epi sa ap redwi pifò tan datant lan a 50%, finalman sa ap ede amelyore fyabilite ak depandans pou pasaje yo.
- Ogmantasyon finansman an kapab kreye tou wout ki pi rapid ak pi dirèk, ak arè limite, ki ka fasilite kliyan yo pou soti nan pwen A pou rive nan pwen B.

Fòmil taks sou gaz aktyèl la pa chanje

- Revni taks federal sou gaz, ki finanse apeprè mwaye nan tout pwojè otowout ak pon eta a, rete plat akòz pi bon teknoloji ak efikasite gaz. Pandan plizyè ane, taks gaz la te pèdi 39 pousan nan fòs depans li, menm lè bezwen enfrastrikti yo kontinye ap grandi.³
- Maksimize opsyon taks sou gaz ki disponib nan Komin Oranj ka jenere yon lòt \$25.2 Milyon pou Komin Oranj, men sa pi ba anpil toujou pase sa nou bezwen.

Nan ki sa Santim Taks sou Lavant pou transpò a ka itil?

Plizyè amelyorasyon wout ak enfrastrikti transpò, tankou:

- Teknoloji, siyal trafik ak limyè lari (dire tan limyè trafik yo ak ekleraj sou gwo wout)
- Wout yo (ajoute liy ak redefini twotwa yo)
- Transpò piblik (LYNX ak SunRail)
- Entèseksyon (ajoute liy vire)
- Sekirite pyeton

Kiyès ki pral peye pou taks sou lavant pou transpò a?

- Tout moun pral kontribiye, enkli touris ak vizitè.
- Taks la pral aplike sèlman sou premye \$5,000 pou chak acha machandiz ak sèvis an detay.
- Taks la pral sèlman sou acha machandiz ak sèvis yo vann an detay, fondamantalman menm atik ki aktyèlman sijè a taks sou lavant yo.
- Yo pap kolekte taks sou atik manje esansyèl, tankou pen ak lèt, ni sou lòt manje ki pa aktyèlman peye taks.
- Yo pap chaje taks sou preskripsyon medikaman ak sèvis piblik yo tou.

*Daprè pwojeksyon Depatman Revni Florida a depi 27 septanm 2019,

1 Daprè [Office of Economic Development's 2030 report](#)

2 Daprè [Rapò sou Mobilite Iben Enstiti Transpò Texas, 2019](#)

3 Daprè [Funding and Financing Transportation Reports.](#)